

	Ulangan Bahasa Sunda Tema 5				ttot
	Nama :	_____			
	Kelas, no :	_____ / _____			
	Hari, tanggal :	_____			
	Materi :	kaulinan jeung Olah raga			

Prak baca sing gemet!

Oray-Orayan

Barudak ngumpul limaana atawa genepan. Tuluy nguntuy bari nyekel taktak babaturanana anu aya hareupeunana. Budak nu panghareupna jadi hulu oray, ari nu pangtukangna jadi buntut oray. Geus kitu, leumpang ngénca jeung ngatuhu, nurutan oray ngaléor siga oray. Bari luar-léor téh babarengan ngawih. Ari kawihna kieu:

Oray-orayan Luar-léor mapay sawah
 entong ka sawah Paréna keur sedeng beukah
 Oray-orayan Luar-léor mapay leuwi
 entong ka leuwi Di leuwi loba nu mandi

Oray-orayan Luar-léor mapay kebon
 entong ka kebon Di kebon loba nu ngangon
 Mending gé teuleum Di leuwi loba nu mandi
 Saha anu mandi anu mandina pandeuri

Budak nu jadi hulu oray tuluy ngudag-ngudag budak nu jadi buntut orayna bari ngucapkeun “Kok, kok, kok...”. Lamun kacekel, budak nu jadi buntut oray pindah ka hareup, sarta jadi hulu oray. Kitu jeung kitu saterusna.

Sumber: Wahyu Wibisana, 2000. Lima Abad Sastra Sunda

A. Jawab panalek di handap saluyu jeung bacaan !

1. Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu lobaan?

2. Kumaha cara-carana ari kaulinan oray-orayan?

3. Naon sababna dina kaulinan oray-orayan kudu aya nu jadi huluna jeung aya nu jadi buntutna?



4. Nyaritakeun naon eusi kakawihan oray-orayan téh?

5. Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu luar-léor?

B. PEK PASANGKEUN NGARAN KAULINAN TRADISIONAL JEUNG GAMBAR ANU COCOG!





congkak



Jajangkungan





gatrik



Boy-boyan




Galah asin




sondah


Pek tulis sesebutan dina suku saluyu jeung abjad anu ditunjuk!



Pek tulis sesebutan dina leungeun saluyu jeung abjad anu ditunjuk!



Pek tulis sesebutan dina ramo saluyu jeung abjad anu ditunjuk!



Pilih Jawaban anu pangbenerna!

1. Malah sakapeung mah sok loba kénéh leumpangna. Sakapeung hartina ...
 - a. kadang- kadang
 - b. salilana
 - c. sakabehna
2. Biasana mah anu joging téh sok tepi ka tutugan gunung. Tutugan gunung hartina ...
 - a. Leungeun gunung
 - b. Suku gunung
 - c. Ramo gunung
3. Raména pisan mah lamun geus haneut moyan. haneut moyan hartina ...
 - a. Kira-kira tabuh tujuh peuting
 - b. Kira-kira tabuh dua belas
 - c. Kira-kira tabuh tujuh isuk-isuk
4. Joging kaasup olahraga anu babari milampahna. Milampahna hartina ...
 - a. Leumpangna
 - b. Lumpatna
 - c. Migawena
5. Baréto mah kieu-kieu gé Uwa téh béntang lapang.béntang lapang hartina ...
 - a. Pamaen panggeulisna dina maen bal
 - b. Pamaen pangkasepna dina maen bal
 - c. Pamaen pangalusna dina maen bal
6. sapédah – labuh – tina – baréd – manéhna – urut – tuur
susunan kalimah anu bener nyaeta ...
 - a. Tuur manéhna baréd urut labuh tina sapeda
 - b. Tuur manéhna baréd labuh urut tina sapedah
 - c. Tuur manéhna baréd sapedah urut tina labuh
7. katajong – teu – bincurang – nyingcet – bakal – lamun
susunan kalimah anu bener nyaeta ...
 - a. Lamun teu nyingcet katajong bincurang bakal
 - b. Lamun teu nyingcet bakal bincurang katajong
 - c. Lamun teu nyingcet bincurang bakal katajong
8. paku – keuneung – nyeri – lebah – mani – kacugak – dina
susunan kalimah anu bener nyaeta ...
 - a. Kacugak paku mani keuneung nyeri dina lebah
 - b. Kacugak paku mani nyeri dina lebah keuneung
 - c. Kacugak paku mani keuneung dina nyeri lebah

9. ramo – ngitung – dititah – mun – maké – sok – baréto – mah
susunan kalimah anu bener nyaeta ...
- a. Baréto mah mun dititah ngitung sok make ramo
 - b. Baréto mah mun dititah sok make ngitung ramo
 - c. Baréto mah mun dititah ngitung sok ramo make
10. cinggir – sok – téh – sireum – suten – diibaratkeun – dina
susunan kalimah anu bener nyaeta ...
- a. Dina suten cinggir téh sireum sok diibaratkeun
 - b. Dina suten cinggir téh sok sireum diibaratkeun
 - c. Dina suten cinggir téh sok diibaratkeun sireum